

Renouvèlman CityFHEPS Kesyon Moun Poze Souvan (Haitian Creole)

Èske mwen dwe renouvre CityFHEPS mwen?

Wi. Ou dwe renouvre sibvansyon CityFHEPS ou a. Nou pral voye yon aplikasyon renouvèlman ba ou senk (5) mwa anvan fen ane sibvansyon an. Lè ou resevwa aplikasyon renouvèlman ou a, w ap gen pou voye li tounen ba nou epi:

- Konfime ke w toujou rete nan apatman CityFHEPS ou an
- Konfime kantite moun ki ap viv lakay ou
- Soumèt enfòmasyon ajou konsènan revni ou

Si ou pa retounen aplikasyon renouvèlman an ak nenpòt dokiman sipò yo avan premye dat limit la, n ap voye yon avètisman ba ou.

Si ou pa voye sa nou bezwen yo nan dat limit ki sou avètisman an, nou pa pral kapab trete aplikasyon renouvèlman ou nan 30 jou anvan fen ane a sibvansyon. Ou menm ak pwopriyetè kay ou a ap resevwa yon avi revokasyon final la.

E si mwen retounen renouvèlman mwen an an reta?

Si ou voye renouvèlman ou an an reta (apre avi sibvansyon an fini) sa ka gen konsekans negatif. Ou ka rive ale nan Tribunal Lojman(housing court) epi ou riske pèdi kay ou a.

Men, si aplikasyon renouvèlman ki anreta ou a rive nan men nou nan yon (1) ane apre fen ane sibvansyon an, epi pi ta si gen yon bon rezon, gen posiblite pou renouvre oswa restore sibvansyon an.

Kijan pou mwen soumèt renouvèlman CityFHEPS mwen an?

Soumèt sou Entènèt atravè ACCESS HRA (AHRA) se fason ki pi fasil ak pi rapid pou soumèt aplikasyon renouvèlman CityFHEPS ou an.

Soumèt Fòm Renouvèlman Ou an



- Ale sou www.nyc.gov/accesshra oswa itilize aplikasyon mobil Access HRA a. aplikasyon.
- Antre sou kont ou a (oubyen kreye youn)
- Klike "Wi" pou "Èske ou vle kòmanse Rekonfirmasyon ou a anliy kounye a?" sou paj dakèy la.
- Ranpli kote pou w mete enfòmasyon w yo epi soumèt fòm ou an.

Soumèt dokiman ki obligatwa yo



Telechaje dokiman ou yo sou aplikasyon mobil AHRA a pou w ka verifye nenpòt chanjman nan sitiyasyon w ap viv tankou chanjman nan revni, resous, lwave, sèvis publik, kantite moun nan fanmi ou, depans pou gadri ak nenpòt lòt chanjman.

Pou plis enfòmasyon: www.nyc.gov/hradocs

Èske ou pa Kapab Soumèt li Anliy?

Si ou pa kapab itilize AHRA pou voye plis enfòmasyon ak dokiman yo nou te mande w ban nou yo , ou ka voye yo pa imèl, lapòs oswa livre nou kopi dokiman yo.



Imèl: RAPrenewals@hra.nyc.gov



Si w ap voye l nan kourye lapòs
oubyen si w ap fè livrezon:

CityFHEPS

NYC Human Resources Administration

109 East 16th Street, 10th Floor

New York, New York 10003

Nenpòt fason w soumèt li a, depi ajans la resevwa renouvèlman w lan, n ap voye konfirmasyon ba ou pou n fè w konnen, nou resevwa l. Si ou soumèt sou entènèt, ki se fason ki pi fasil ak pi rapid, w ap resevwa konfirmasyon touswit ke ou te soumèt li.

E si ta gen yon chanjman nan kantite moun ki nan fanmi mwen?

Si yon moun kite kay ou, maksimòm kantite lwavey kay ou kalifye pou li a ka diminye. Si sa rive, ou ka gen pou transfere nan yon nouvo apatman ki pi bon mache.

Si vin gen plis moun lakay ou, epi gen twòp moun nan kay la, ou ka ale nan pwogram Homebase lakay ou a pou aplike pou yon transfè ak yon bon rezon pou demenaje nan yon pi gwo apatman.

Konbyen revni moun lakay mwen ka genyen?

Fwavey ou ka genyen jiska 80% revni brit nan Revni Mwayen Zòn lan (AMI) epi li toujou kalifye pou yon renouvèlman CityFHEPS.

Èske mwen bezwen gen yon nouvo kontra-lwavey pou renouvle CityFHEPS?

Ou pa oblige fè yon renouvèlman kontra-lwavey avèk pwopriyetè kay la pou kontinye nan pwogram CityFHEPS la. Toutotan ou toujou kalifye pou CityFHEPS epi ou renouvle sibvansyon an, pwogram lan ap kontinye.

Kijan mwen kapab genyen yon ogmantasyon sou pri lwavey CityFHEPS mwen an?

Si pri lwavey ou monte, ka gen posiblite pou nou ogmante sibvansyon an. Ou pral bezwen montre nou yon nouvo kontra-lwavey siyen ak pri lwavey ki pi wo a. Tanpri bannou nouvo kontra lwavey a lè ou voye fòmilè renouvèlman w lan. Si w te vin abite nan apatman w lan anvan janvye 2022, tanpri ba nou yon fòm ki ranpli ak enfòmasyon sou bil pwopriyetè kay la peye.)

Kisa FòmEnfòmasyon sou Pwopriyetè a ye epi poukisa Administrasyon Resouzimèn (Human Ressources Administration, HRA) bezwen li?

HRA pap peye montan pou yon apatman avèk sèvis publik yo si pwopriyetè a pa bay kèk oswa tout sèvis yo. Pwopriyetè yo dwe ranpli yon Fòm enfòmasyon sou sèvis publik pwopriyetè pou di HRA ki sèvis publik y ap bay, si genyen.

Kisa ki yon alokasyon sèvis publik ak yon pèman sèvis publik?

Tout sèvis publik ke se yon lokatè ki peye yo ap gen pou soti sou kantite lajan sibvansyon Administrasyon Resouzimèn (Human Ressources Administration, HRA) pral peye mèt kay la. Kantite lajan yo retire a rele “alokasyon pou sèvis publik”. Si lwave w la pa kouvri yon pati oubyen tout sèvis publik ou a, epi lwave w la mwens pase alokasyon maksimòm nan, ou pral resevwa yon alokasyon pou w ka peye sèvis publik sa yo. Alokasyon sèvis publik ou a baze sou pri fwaye yo abitye peye sèvis publik yo nan diferan dimansyon.

Si alokasyon w bay pou sèvis publik yo plis pase montan patisipasyon w nan fwaye a, nou ap voye montan ki rete a nan kourye ba ou yon fason pou w kapab itilize li pou peye sèvis publik ou yo dirèkteman. Montan sa a rele “pèman sèvis publik”.

Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit entènèt DSS CityFHEPS nan <https://www.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page>.

Pou konbyen tan mwen ka jwenn CityFHEPS?

Ou ka resevwa CityFHEPS pou yon total senk (5) ane. Sa gen ladan nenpòt kilè ou ka te resevwa peman nan ansyen pwogram asistans pou lokasyon yo (CITYFEPS, LINC, SEPS oswa Pathway Home).

Limit senk (5) ane sa a pa aplike pou tout kay. Si lakay ou gen yon moun ki gen 60 tan oswa plis, oswa yon adilt ki resevwa avantaj federal pou andikap, pa gen okenn limit sou tan. Epitou, nan sèten sikontans, nou ka pwolonje sibvansyon plis pase limit senk (5) ane a si ou gen yon bon rezon.

Lè w ap apwoche limit senk (5) ane ou a, nou pral poste ou yon aplikasyon pou renouvèlman ak yon bon rezon.

Renouvèlman yo disponib si kay yo kontinye ranpli kondisyon pou kalifikasyon yo ak si kontinye gen finansman disponib.